SENGKALAN

Kamis, Januari 21, 2010
Jagad Misteri

Tembung “sengkalan” asalé saka tembung “saka” lan “kala”. Saka utawa çaka iku jenengé bangsa Indhu, kala utawa kala ateges wektu. Sakakala yaiku kalané ana ratu golongan çaka kang jumeneng ing tanah Indhu sisih kidul, lan wektu iku wiwitan\é tahun saka, yaiku taun 1 utawa taun 78 masèhi. Mungguh kang dikarepaké “sengkalan”, yaiku unèn unèn kang nduwèni teges angkaning taun. Jaman biyèn kang kanggo pétungan ing Tanah Jawa taun Saka. Nanging saiki ana kang migunakaké taun rembulan, yaiku kang pétungan sasiné manut lakuning rembulan, diarani: “Candrasengkala”. Sengkala kang adhedhasar taun srengéngé, diarani: “Suryasengkala”.
Adhedhasar wujud lan dhapukané, sengkalan ana warna loro;
1. Sengkalan lamba, yaiku sengkalan kang awujud kumpulaning tembung utawa wujud ukara.
2. Sengkalan memet, yaiku sengkalan kang awujud gegambaran utawa pepethan.

Mungguh carané nyurasa utawa maca sengkalan iku kawiwitan saka ékané, banjur dasan, yèn ana atusan lan éwoné.
Tuladha: ***RUPA SIRNA RETUNING RUMI***
Rupa = 1 (ékan)
sirna = 0 (dasan)
retu = 6 (atusan)
bumi = 1 (éwon) dadi taun : 1601

Mungguh carané nggoléki aji utawa wataking tembung miturut Candra Sangkala karanganė Ki Bratakésawa, kena migunakaké wewaton sawetara, yaiku:

1. Guru Dasa nama,
Tembung tembung kang padha tegesé dianggep padha ajiné.

Tembung: ratu, naréndra, nata, katong, pamasé, aji, iki kabèh watak siji.

2. Guru sastra,
Tembung tembung kang sastrané utawa panulisé padha, ajining uga padha. Tembung: êsthi, kang ateges gajah, èsthi kang ateges sedya utawa pikir ajiné padha yaiku: wolu.

3. Guru wanda,
Tembung tembung nduwèni wanda kang padha, ajiné dianggep padha. Tembung: wanita, ajiné padha karo tembung wani, tembung buja ajiné padha karo tembung bujana, lsp.

4. Guru warga,
Tembung tembung kang mratélakaké jeneng kang nunggal bangsa utawa warga, ajiné padha, kayata: ula, baya, bulus, tekèk, cecak, kadhal iku kabèh kalebu kéwan ingkang rumangkang, dadi padha ajiné, yaiku: wolu.

5. Guru karya,
Tanduking sawijining tembung, kaanggep padha ajiné karo tembung iku. Kayata: tangan ajiné padha karo nyekel, mripat padha ajiné karo tembung ndeleng utama mandeng, lsp.

6. Guru sarana,
Jenengé piranti kang kanggo nindakaké sawijining kriyané, kaanggep padha ajiné karo tembung iku. Kayata : ilat karo rasa, padha ajiné yaiku nenem.

7. Guru darwa,
Tembung kaanan, kaanggep padha ajiné karo tembung kang kadunungan kaanan iku. Kayata : tembung galak padha ajiné karo tembung danawa, bentèr padha karo latu, lsp.

8. Guru Jarwa,
Tembung tembung kang jarwané padha utawa mèh padha ajine uga padha.
Tembung rasa padha karo raras, basu padha karo sawer, lsp.

Tembung tembung kang dianggep nduwèni watak utawa ajining wilangan :

I. Kang awatak siji.

1. Tembung tembung kang cacahé mung siji: nabi, wudel, bumi, buntut, iku, sirah, ratu, aji, nata, wiji, ati, tyas, badan, lsp.
2. Tembung tembung araning barang kang wanguné bunder: rembulan, bumi, jagad, rupa, srengéngé, rai, lèk, candra, wulan, lsp.
3. Tembung tembung kang ateges siji, tunggal, éka, iji, juga, lsp.
4. Tembung tembung liyane: urip, gusti, janma, kenya, prawan, nyata, putra, sunu, lsp.

II. Kang awatak loro:

1. Tembung tembung kang cacahé loro: mripat, kuping, tangan, asta, suku, dresthi, buja, athi athi, swiwi, lsp.
2. Tembung tembung kang nuduhaké kriyané tembung ing ndhuwur: ndeleng, ngrungu, ndulu, nembah, myat, lsp.
3. Tembung tembung kang teges loro: dwi, kalih, lsp
4. Tembung tembung liyané: gandhèng, kanthi, kanthèt, lsp.

III. Kang awatak telu:

1. Kang nduwèni sesipatan telu: geni, bahni, pawaka, siking, dahana, anala, utawaka, puji, lsp.
2. Tembung tembung kang kanggo wanda tri utawa teges telu: mantri, tiga, hantelu, lsp.
3. Tembung tembung: ula, lintah, ujel, welut, nalincing, lir, kaya, wignya, wrin, guna, kukus, panas, lsp.

IV. Kang Awatak papat:

1. Bangsané banyu utawa kang ngemu banyu: hèr, sindang, suci, tirta, wédang, bun, udan, sagara, waudadi, jalanidhi, bening, nadi, sumber, sumur, wasuh, lsp.
2. Tembung kang ateges papat, catur, pat, lsp.
3. Tembung kang ateges gawé: karta, karya, kirti, lsp.

V. Kang awatak lima:

1. Araning barang kang cacah lima: indri, indriya, dhawa, lsp.
2. Bangsané buta: danawa, jaksa, diyu, wil, raseksa, lsp.
3. Bangsané gegaman: panah, warajang, bana, sara, lsp.
4. Bangsané angin: bayu, samirana, maruta, anila, sindung, lsp.
5. Tembung tembung liyané: wisikan, wisaya, pancawara, lungit, landhep, galak, lsp.
6. Tembung kang teges lima: gangsal, panca, lsp.

VI. Kang awatak enem:

1. Tembung tembung kang mratélakaké rasa: pedhes, amla, kecut, tikta, pait, kyasa, gurih, dura, asin, legi, lsp.
2. Tembung tembung kang nduwèni sipat kang gegayuhan tembung, tembung ing ndhuwur : gendhis, gula, uyah, lsp.
3. Tembung tembung jeneng kéwan kang asikil enem: tawon, bramara, kombang, anggang anggang semut, lsp.
4. Tembung tembung liyané: raras, retu, ojag, obah, prabatang, wayang, sedhih, ilat, kilat, lsp.

VII. Kang awatak pitu:

1. Bangsané kang amaratapa: wiku, biksu, resi, dwija, dhita, yogiswara, muni, suyati.
2. Dasanamané jaran: kuda, wajik, aswa, turangga, lsp.
3. Dasanamané gunung: ardi, prawata, giri, ancala, wukir, lsp.
4. Tembung tembung liyané: angsa, gora, swara, wulang, weling, sabda, suka, lsp.

VIII. Kang awatak wolu:

1. Tembung tembung kang kagolong kéwan rumangkang: baya, bajul, slira, menyawak, tanu, bunglon, murti, basu, tekèk, cecak, ula, naga, bujangga, taksaka, lsp.
2. Dasnananing gajah: dwipangga, liman, èsthi, dirada, matengga, kunjara, lsp.
3. Tembung tembung liyané: samadya, brahman, manggala, lsp.

IX. Kang awatak sanga:

1. Barang barang kang wujudé bolong: gapura, guwa, dwara, wiwara, gatra, wilasita, rong, trusta, trusthi, song, babahan, lsp.
2. Tembung tembung liyané: ganda muka, butul, déwa, ambuka, wangi, lsp.

X. Kang awatak sapuluh utawa das:

1. Yaiku tembung tembung kang ngemu teges ora ana utawa suwung: sunya, boma, gegana, wijat, nir, tanpa, ilang, mletik, sirna, musna, adoh, antariksa, rusak, luhur, dhuwur, muksa, ngumbara, muluk, mumbul, das, awang awang, angles, méntar, oncat, asat, surut, sempal, tumenga, mesat, lsp.

A. Sengkalan Lamba.

Kang diarani sengkalan lamba yaiku sengkalan kang awujud ukara utawa kumpulaning tembung, sengkalan lamba kang akèh tinemu ing layang layang. Ana manèh kang tinemu ing yayasan, pasareyan, padusan, gapura, lsp.

Tuladha:

1. Yama sunya surya = taun 1202.
2. Sapta yana surya = taun 1217.
3. Indu bana dwi rupa = taun 1254.
4. Dwi gaya rawi = taun 1282.
5. Dwara adri pana indu = taun 1279.
6. Sanga kuda cuddha candrama = taun 1079. Tinemu ing layang Bharatayudha – Mpu sedhah – Mpu Panuluh.
7. Panerus tingal tataning nabi = tahun 1529. Tinemu ing layang Suluk Wujil – Sunan Bonang.

B. Sengkala Memet.

1. Ing Tratagrambat kraton Ngayohyakarta sisih lor ana gambar tawon cacahé lima lan slira (menyawak) siji, iku kena diwaca: ***Panca gana salira tunggal*** = taun 1865.
2. Ing magangan kraton Ngayogyakarta, ana pepethan wujud ula naga loro, pethité padha pepuletan, iku kena diwaca: ***Dwi naga ngrasa tunggal*** = tahun 1682.
3. Ing kratosn Surakarta ana pepethan naga kang ditumpaki manungsa, iku kena diwaca: ***Naga muluk tinitihan janma*** = taun 1708. Ana uga warana kang digawé saka walulang kebo kang direngga rengga, iku kena diwaca: ***Walulang kebo siji*** utawa ***Wolu ilang kebo siji*** = taun 1708.
4. Ana pepethan wujdé bunderan pepindhaning jagad kang dicekeli déning buta cacahé telu, iku kena diwaca : ***Buta telu ngojag jagad*** utawa *Tri jaksa ngojag buwana* = taun 1635.
5. Ana gegambaran wujud sula cacahé telu lan ing tengah ana gambar kembang, iku kena diwaca: ***Tri sula kembang lata*** = taun 1953,

C. Pangrakiting ukara

Tembung sapada kudu kaangkah mujudaké ukara wutuh, isi pangertèn ganep. Aja nganti wujud ukara kang durung rampung.

Manawa gatra wekasan isih kudu disambung ukara ing pada candhaké ana ing rasa ora kepénak. Tembung kang becik, saben sagatra kudu mengku surasa wutuh, lan rakitaning gatra siji lan sijiné dalem tembang sapada, mengku isi wutuh. Manawa arep ngarang tembang sadurungé prelu ngélingi prakara prakara kang prelu, Kayata:

1. Prelu migatèkaké dasanamaning tembung tembung. Upama tembung: ratu iku duwé dasanama: katong, nata, narpati, pamasé, dhatu, raja, aji, lsp. Iku prelu banget kanggo nemtokaké tibaning swara ing pungkasaning gatra.
2. Kena ngowahi susunaning ukara, lumrah kasebut baliswara. Tuladha : Anoman sampun malumpat, diowahi: Anoman malumpat sampun.
3. Kena ngowahi swara, kayata: brangta dadi karti, prapta dadi prapti, brangta dadi brangti, marang dadi maring, dipati dadi dipatya, lsp.

Kanggo ngoyak guru wilangan:

1. Kena ngulur utawa ngungkret wanda: sru dadi asru, prang dadi perang, tan dadi datan, trus dadi terus, lumaku dadi mlaku, gelebyar dadi glebyar, kerelip dadi krelip, sinerang dadi sinrang, lsp.
2. Kena mancah tembung: puniku dadi niku, pijer dadi jer, déné dadi dé, ingkang dadi kang
3. Kena nggarba tembung loro utawa luwih: ana + ing dadi anèng, lagi + antuk dadi lagyantuk, kadya + iku dadi kadyèku, sira + arsa dadi sirarsa.

http://gebyarmanusialangka.blogspot.com
http://gebyarmanusialangka.blogspot.com/2010/01/sengkalan.html#ixzz3wwjhX9WF
22:03 11/01/2016